



## **Rezolisyon Nimewo 2**

**Rezolisyon Komisyon Revizyon Konstitisyon an pou etabli yon lòd siksesyon pou Prezidan an.**

ALÒSKE, nan dat 12 desanm 2024 la, Majistra Vil New York la te etabli Komisyon Revizyon Konstitisyon an dapre seksyon 36(4) Lwa sou Otonomi Minisipal Eta New York la; epi

ALÒSKE, Majistra Vil New York la te nonme Richard R. Buery, Jr. kòm Prezidan Komisyon an, Sharon Greenberger kòm Vis Prezidan Komisyon an, ak Leila Bozorg kòm Sekretè Komisyon an.

ALÒSKE, Rezolisyon sa a fèt nan entansyon pou asire kontinwite operasyon Komisyon Revizyon Konstitisyon an nan absans Prezidan an; epi

Kidonk, kounye a li DESIDE ke Komisyon an dezinye Vis Prezidan Sharon Greenberger pou li aji nan plas Prezidan an si Prezidan an pa kapab ranpli fonksyon li;

Epi ke li DESIDE tou ke si Prezidan an pa kapab ranpli fonksyon li yo, Vis Prezidan Sharon Greenberger ap asime tout fonksyon ak responsablite Prezidan an jiskaske Majistra a nonme yon nouvo Prezidan konfòmman ak seksyon 36 Lwa sou Otonomi Minisipal la oswa jiskaske manda Komisyon Revizyon Konstitisyon an pran fen.

Date: 7 janvyè 2025